

**PANGAJARAN NGIDENTIFIKASI INFORMASI PESEN TINA PANTUN  
KALAWAN NGAGUNAKEUN METODE SKEMATA-KRITIS  
KA MURID KELAS VII SMP PASUNDAN 2 BANDUNG  
WARSIH PALAJARAN 2017/2018**

ku

**Novi Purnamasari  
NIM 145030004**

**RINGKESAN**

*Pantun nyaeta puisi heubeul atawa disebut oge puisi rakyat nu kawengku ku sajak/rima nu polana a-b-a-b, miboga opat larik/padalisan dina unggal padana, padalisan kahiji jeung kadua mangrupa cangkang jeung padalisan katilu jeung kaopat mangrupa eusi. Metode skemata-kritis mangrupikeun metode pangajaran anu nganut murid kanggo berpikir sacara kritis, panalungtik katarik pikeun ngalakukeun panalungtikan nu judulna “pangajaran ngaidentifikasi informasi pesen tina pantun ngagunakeun metode skemata-kritis ka murid kelas VII SMP Pasundan 2 Bandung”. Parumusan masalah ieu nyaeta kamampuan panalungtik dina ngarancanakeun, ngalaksanakeun sareng menteun pangajaran pikeun ngaidentifikasi informasi pesen tina pantun ngagunakeun metode skemata-kritis, ka murid kelas VII SMP Pasundan 2 Bandung, kamampuan murid kelas VII SMP Pasundan 2 Bandung dina ngaidentifikasi informasi pesen tina pantun anu tepat, kaefektipan metode skemata-kritis diterapkeun dina pangajaran ngaidentifikasi informasi pesen tina pantun ka murid kelas VII SMP Pasundan 2 Bandung, sareng pangabeda dina hasil pambalajaran murid anu ngagunakeun metode skemata-kritis bedana jeng kelas anu ngagunakeun metode latihan. Hasil tinu panalungtikan anu atos dilakukeun nunjukkeun yen kasuksesan, sareng tiasa panalungtik simpulkeun nyaeta. Kasuksesan anu kahiji tiasa dibuktikeun tina hasil pangajaran guru Bahasa Indonesia ngeunaan persiapan sareng pelaksanaan pangajaran. Panalungtik meunang nilai rata-rata 3,55 dina ngarancanakeun sareng ngalaksanakeun pangajaran ngaidentifikasi informasi pesen tina pantun ka murid kelas VII SMP Pasundan 2 Bandung. Kasuksesan anu kadua dibuktikeun tina hasil pretes kalawan rata-rata 77,92 sareng hasil postes kalawan rata-rata 87,08. Bangabeda eta nembongkeun salisih 9,16. Kasuksesan anu katilu tiasa dibuktikeun dumasar hasil uji statistik nu nuduhkeun  $t_{hitung} \geq t_{tabel}$ , nyaeta  $1,39 > 2,06$  dina tingkat kepercayaan 95% kalwan tarap signipikan 5% jeung darajat kabebasan 24. Kasuksesan anu kaopat ngabuktikeun pangabeda hasil pambalajaran murid nu ngagunakeun metode latihan sakeur kelas kontrol dibuktikeun tina hasil pretes kalawan rata-rata 68,26 sareng hasil postes kalawan rata-rata 80,96. Bangabeda eta nembongkeun salisih 12,7. Hasil uji statistik nu nuduhkeun  $t_{hitung} \geq t_{tabel}$ , nyaeta  $2,20 > 2,05$  dina tingkat kepercayaan 95% kalwan tarap signipikan 5% jeung darajat kabebasan 25. Dumasar olahan panalungtikan nu tos panalungtik lakukeun nunjukeun kasuksesan.*

*Kecap konci: Pangajaran, ngaidentifikasi, informasi pesen, pantun, metode skemata-kritis*